Index Number (if known/applicable): _____

County and Court (if known/applicable): _____

YËGLE BUÑU JAGLEEL IPOTEKEER BI:

Sudee da nga ñàkk ay njuréef wala nga amoon ay njëg yu yokk co jamonoy mbasu COVID-19, te nga xaatim te jébbal yëgley jafe-jafe bii kila abal ipotek bi wala yeneen xaaji daq, duñ leen mëna daq laata 31 fan ci weeru Uut ci atum 2021 di jot. Sudee kila abal ipotek bi wala beneen xaaji daq daf la jox formileer bii, ki abale ipotek bi wala beneen xaaju daq bi daf la wara jox itam ab dëkkuwaayu bi ngay yónnee bataaxal ak ab imel bi ngay mëna delloo formileer bii. Sudee da nga nekk ci ab porosediiru dàq ba noppi, mën nga delloo formileer bi tirbinaal bi. Da nga wara teye ab sotti wala ab nataalu formileer buñu xaatim ngir sa dosiyee bopp. Di nga wey di amel ay boru ipotekeer ak ay njëg yi la yoon mey ki lay luwe. Da nga wara bayyi xel bu baax ci li nga fay ak bépp njëg bi nga amel ba tey.

YËGLEY IPOTEKEER CI JAFE-JAFE YU COVID-19 WARAL

Man maay ipotekeeru kër gi ci (dëkkuwaayu barab bi nga nekk): :

Suñ ci bollee sama dëkkuwaay, am na, mu doon lu direkt wala lu indirekt, fukki dëkkuwaay waay wala lu matul fukk. Dama nekk di dundu ay jafe-jafey koppar, te mënu ma fay sama ipotek lépp ndax benn wala yu bari ci yimay waaja lim:

1. Ñakkum njuréef yu am solo ci jamonoy mbasu COVID-19;

2. Yokkutey depaas yu méngook liggéey yuñuy amal wala mu méngook lórange yi am ci sa wergu-yaram ci jamanoy mbasu COVID-19.

3. Wareef sardeŋ yi wala waréefi toppatoo ab mag bu bokk ci njaboot gi ci jamanoy mbasu COVID-19 dañoo am ay lórange ci niñuy def ngir kenn ku bokk ci njaboot gi am liggéey bu baax wala am mbaa yokk ay njuréef ci soxla yu bokkul ak yimay gennee ci sama poos.

4. Depaasi toxu ak jafe-jafe yi am ngir garanti beneen dëkkuwaay dafay tax mu jafe ngir ma mën a toxu ci beneen kër ci jamanoy mbasu COVID-19.

5. Yeneen mbir yu méngook mbasu COVID-19 dañoo indi ay lorange ci ni mënee woon am liggéey wala am ay bonofiis wala dafa waññi bu baax li sama njaboot daan am wala mu yokk bu baax samay depaas.

6. Kenn wala ñu bari ci samay lokateer deful luko wàr ci xaalis bu takku ci seeni lokasiyoŋ 1 fan ci weer Màrs, 2010 ba tey.

Ba nga xamantane dama ñakk li kër gi daan am wala sudee sama depaas dafa yokk, bépp ndimbal buñu jagleel askan wi, bokk na ci asiransu ñakk liggéey, asiraansu laago wala ay bisi noppalu yuñ la fay, yi ma jot bi mbasu tambalee ba tey mënul tax ba ma mëna jotaat ci li njaboot gi daan dundee wala yokkum depaas.

Xam na ni dama wara dëppook sàrti yu yoon tëral yépp ci wàllum deggoo ci wàllum ipotek. Xam na ni ay njëg yu yoon di laaj, ay daan wala ay njuréef ci lima fay sama ipotek yépp niko deggoo bima xaatim ci wàllum ipotek mënee fayyeeku ba tey te mën na waral ab até ci wàllum koppar ci man. Xam na itam ni kima abal ipotek bi wala beneen xaaju daq bi mën nama topp ngir daq ma su 31 fan ci weeru Uut ci atum 2021 weesoo, sudee fayuma lépp wala ay payoor yuma fayul ak yima fay ci xaaj ak yeneen njëg yu yoon maye.

Ki ko xaatim: _____

Tur wi ci raf yu Mag: _____

Bis biñ ko Xaatim: _____

KARMAT: Yaa ngi bindu tey jébbal bile formileer te yoon meyu la ko. Lii lumuy tekki mooy yoon meyu la nga wax ci formileer bii nga xamante ni jubul.